

## Kalandriye ak detay pou Admisyon nan Lekòl Segondè

Chè fanmi,

Nou espere ane klas 8yèm ane pitit ou a byen kòmanse!

Otòn sa a, pitit ou a pral aplike nan lekòl segondè. Gen twa fason pou aplike, epi tout ap ouvri **madi 1ye oktòb**.

W ap ka aplike atravè sitwèb MySchools.nyc lan. Si ou deja gen yon kont MySchools ou te itilize pou aplike nan lekòl presegondè, ou ka jis konekte sou kont sa a pou aplike.

Si w pa gen yon kont MySchools, pita nan semèn sa a w ap resevwa yon lèt byenveni lekòl pitit ou a ap voye; lèt sa a ap gen enfòmasyon w ap bezwen pou kreye yon kont pou pitit ou a. Si w bezwen èd, tanpri kontakte konseye pitit ou a.

- **Voye yon [aplikasyon lekòl segondè](#) (delè a se 4 desanm)**
  - Ou ka aplike nan 12 pwogram lekòl segondè nan aplikasyon sa a.
  - Gen kèk pwogram ki mande etap anplis pou yo konsidere w konplètman, pandan ke lòt mande sèlman pou ou ajoute pwogram lan nan aplikasyon w lan (gen plis detay pi ba a\*\*).
    - Delè pou voye materyèl anplis pou [odisyon](#) ak pwogram [screened avèk evalyasyon](#) se **4 desanm** tou. Jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo: [schools.nyc.gov/assessmentHS](https://schools.nyc.gov/assessmentHS) ak [schools.nyc.gov/HSAuditions](https://schools.nyc.gov/HSAuditions)

*Konsèy!* Pa gen okenn pwoblèm pou voye aplikasyon w lan ale depi l pare. Ou ka toujou fè chanjman ak mizajou nan aplikasyon w lan nenpòt lè avan dat limit la.
- **Aplike nan LaGuardia High School (*li pa obligatwa - delè a se 4 desanm*)**
  - Yo pral fè odisyon vityèl pou lekòl sa a. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon odisyon, ale sou [schools.nyc.gov/HSAuditions](https://schools.nyc.gov/HSAuditions).
  - Delè pou voye lòt materyèl anplis yo ale se **4 desanm li ye tou**.
- **Enskri pou [Egzamen Admisyon nan lekòl segondè espesyalize](#) (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) (*li pa obligatwa - delè a se 18 oktòb*)**
  - Egzamen SHSAT ap fèt ant fen mwa oktòb ak mitan desanm. Ou ka jwenn dat egzamen ak adrès yo nan [schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS). Tout elèv ki enskri pral resevwa yon tikè SHSAT avèk dat li, adrès, ak lòt detay enpòtan sou egzamen yo nan fen mwa oktòb la.

### **\*\*Jwenn plis enfòmasyon sou metòd admisyon!**

Metòd admisyon se fason pwogram lekòl segondè ofri elèv plas; yo dekri tou kisa ou bezwen fè pou yo konsidere w pou yon pwogram. Gen de kategori metòd pou admisyon:

Tout sa w gen pou w fè se mete pwogram lan sou lis nan aplikasyon w lan

- **Metòd admisyon Opsyon edikasyon (Ed. Opt.)** Pwogram sa yo fèt pou sèvi elèv nan yon seri nivo akademik. Dapre nòt aplikan an, yo pral mete l nan kategori "elve", "mwayen" oswa "ba". Pa gen nòt? Y ap mete aplikan an nan kategori mwayen.
- **Tirajosò (Open):** Yo fè elèv òf dapre gwoup priyorite (si sa aplikab) ak dapre nimewo oaza.

- **Evalyasyon dosye akademik (screened):** Yo mete elèv an gwoup dapre nòt klas yo epi yo konsidere yo nan lòd gwoup kòmanse avèk gwoup 1. Jwenn plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/ScreenedHS](https://schools.nyc.gov/ScreenedHS)
- **Sektè kote elèv abite(Zoned ):** Yo konsidere elèv pou pwogram sa yo dapre adrès. Elèv ka gen swa yon garanti swa priyorite pou ale la. itilize [sit rechèch lekòl](#) pou rantrè adrès kay pitit ou a pou konnen si pitit ou a gen yon pwogram dapre sektè li abite (zoned).
- **Kritè lang:** Pwogram yo admèt elèv yo dapre dwa yo genyen pou yo resevwa sèvis pou elèv aprann lang anglè ak/oswa depi konbyen tan elèv la ap viv Ozetazini.

Pwogram kote ou dwe ranpli kondisyon anplis **you** pou yo konsidere yo

- **Odisyon:** Sèl kritè seleksyon an se nòt odisyon an
  - Pou aplike, mete pwogram yo nan aplikasyon w lan nan lòd ou pi pito
  - Pou yo konsidere w konplètman: ranpli epi voye [kondisyon odisyon vityèl](#) yo ale pou pita **4 desanm**.
- **Pwogram Screened ki fè evalyasyon:** Yo konsidere elèv yo dapre [yon mwayèn pondéré](#) inik pou chak pwogram ki konbine nòt elèv ak yon evalyasyon separe.
  - Pou aplike, mete pwogram yo nan aplikasyon w lan nan lòd ou pi pito
  - Pou yo byen konsidere: konplete evalyasyon an. Gen kèk evalyasyon ou pral voye ale atravè MySchools ak kèk ou pral ranpli dirèkteman nan lekòl la. Ou ka wè kondisyon yo nan [schools.nyc.gov/AssessmentHS](https://schools.nyc.gov/AssessmentHS)

**Kisa ou ka fè kounye a?**

- Kòmanse eksplòre opsyon lekòl segondè ou yo lè w sèvi avèk anyè lekòl segondè nou an sou entènèt: [MySchools.nyc](https://MySchools.nyc.gov)
- Patisipe nan youn nan sesyon enfòmasyon vityèl nou yo. Nou pral voye imèl ba ou ki gen dat yo ak eksplikasyon sou kòman pou patisipe byento. Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo tou sou sit entènèt nou an youn fwa li fini: [schools.nyc.gov/HS](https://schools.nyc.gov/HS)
- Li plis enfòmasyon sou chak chemen ou ka pran epi gade seri videyo nou yo nan sitwèb nou yo: [schools.nyc.gov/High](https://schools.nyc.gov/High) ak [schools.nyc.gov/SHS](https://schools.nyc.gov/SHS).

**Kesyon: Nou la pou nou ede w!** Pale avèk konseye pedagogik lekòl pitit ou a oswa voye yon imèl nan [HSEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:HSEnrollment@schools.nyc.gov).

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a

Biwo enskripsyon elèv



**Èske se youn zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w ta renmen retire non w sou pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).